

**AVI KONSÈNAN DESIZYON SOU DEMANN POU DIFIKILTE ENJISTIFYE OU A  
(Sanksyon pou Transfè Byen)**

AVI DAT LA:		DAT EGZEKISYON:		NON AK ADRÈS AJANS/SANT OSWA BIWO DISTRI A	
NIMEWO DOSYE A		NIMEWO CIN		NIMEWO TELEFÒN JENERAL POU KESYON OSWA ÈD _____ ----- <b>OSWA</b> Reyinyon avèk Ajans la _____ Enfòmasyon sou Odyans Ekitab ak Asistans _____ Aksè nan Dosye _____ Enfòmasyon sou Èd Jiridik _____	
NON DOSYE (Ak Non C/O si li genyen) AK ADRÈS					
NIMEWO BIWO		NIMEWO INITE	NIMEWO TRAVAYÈ SOSYAL		

Nou te pran yon desizyon sou demann difikilte ki enjistifye ou a pou pwoteksyon Medicaid nan mezon retrèt.

Nou te detèmine nan dat (dat) \_\_\_\_\_ oumenm/mari/madanm ou te transfere (byen) \_\_\_\_\_ ki vo \$ \_\_\_\_\_. Diferans ki genyen ant valè sa a ak montan (\$ \_\_\_\_\_) ou te resevwa vreman a se \$ \_\_\_\_\_. Nou pa konsidere montan sa a kòm yon valè ki pa konpanse.

Paske oumenm/mari/madanm ou te transfere byen sa a pou mwens pase sa li te vo, ou pa elijib pou sèvis nan mezon retrèt amwenske ou satisfè kritè pou difikilte ki pa apwopriye pou moman la. Yon difikilte ki pa apwopriye pou moman an egziste si:

- ou satisfè tout lòt kondisyon elijiblite yo, epi
- ou pa kapab jwenn swen medikal ki apwopriye san ou pa resevwa Medicaid; **oswa**
- aplikasyon yon peryòd sanksyon pou transfè ta anpeche ou jwenn manje, rad,abri oswa lòt nesesite pou viv.

Selon kritè ki anwo a, nou pral

**AKSEPTE** demann ou pou difikilte ki enjistifye ou prezante nan dat \_\_\_\_\_ pou pwoteksyon Medicaid nan mezon retrèt la paske: \_\_\_\_\_

**REFIZE** demann ou fè konsènan difikilte ki enjistifye pou pwoteksyon Medicaid nan mezon retrèt la paske: \_\_\_\_\_

**NÒT:** Si gen lòt faktè ki afekte pwoteksyon Medicaid ou, n ap mete yon avi apa pou sa.

Desizyon sa a baze sou Seksyon 366.5 Lwa sou Sèvis Sosyal la.

**LI AVI KI VINI NAN ANVLÒP LA (Efè Transfè byen sou Elijiblite pou Èd Medikal) POU JWENN ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN TRANSFÈ BYEN.**

*RÈGLEMEN YO EGZIJE POU OU FÈ DEPATMAN SA A KONNEN IMEDYATMAN  
NENPÒT CHANJMAN NAN BEZWEN, REVNI, RESOUS, ARANJMAN POU VIV OSWA ADRÈS OU*

**OU GEN DWA KONTESTE DESIZYON SA A  
ASIRE W OU LI DO PAJ AVI SA A POU KONNEN KIJAN POU KONTESTE DESIZYON SA A**

**DWA POU ALE NAN YON REYINYON:** Ou gen dwa ale nan yon reyinyon pou evalye mezi sa yo. Si ou ta vle reyinyon, ou ta dwe mande youn kou sa posib. Nan reyinyon an, si nou dekouvri nou te pran yon desizyon ki pa t kòrèk oswa si, akòz enfòmasyon ou bay yo, nou deside chanje desizyon nou an, n ap pran mezi pou korije desizyon an epi ba ou yon lòt avi. Ou kapab rele nou nan nimewo ki nan paj devan avi sa a, oswa voye yon demann alekri bannou nan adrès ki endike anlè premye paj avi sa a pou mande yon reyinyon. Itilize nimewo sa a sèlman pou mande reyinyon. **Se pa konsa ou mande yon odyans ekitab.** Si ou mande yon reyinyon, ou toujou gen dwa pou yon odyans ekitab. Si ou vle pou avantaj ou yo kontinye san rete (èd kontinye) jiskaske ou jwenn yon desizyon odyans ekitab, ou dwe mande yon odyans san paspouki nan fason ki dekri anba la a. Li sa ki pi ba a pou enfòmasyon sou odyans san paspouki.

**AKSÈ NAN DOSYE AK KOPI DOKIMAN:** Pou ede ou prepare ou pou odyans lan, ou gen dwa pou gade dosye ou yo. Si ou rele nou oswa si ou ekri nou, n ap voye kopi dokiman dosye ou yo ba ou gratis, epitou se dokiman sa yo n ap bay ofisyè odyans lan nan odyans san paspouki a. Epitou, si ou rele oswa ekri nou, n ap ba ou kopi lòt dokiman dosye ou panse ou ka bezwen pou prepare pou odyans san paspouki ou a gratis. Si ou rele oswa ekri nou, n ap mete dokiman règleman espesifik ki nesèsè disponib gratis pou ou deside si w ta dwe mande yon odyans san paspouki oswa prepare pou odyans la gratis. Men yon egzanp kèk dokiman règleman ki ka disponib pou ou: Enstriksyon Administratif, mesaj Sistèm Enfòmasyon Jeneral, Korespondans Enfòmèl, pòsyon Gid Referans Medicaid, Bilten enfòmasyon Medicaid/Depatman Sante ak ak Memorandòm Komisè Lokal yo. Pou mande dokiman yo oswa pou konnen kijan pou gade dosye ou, rele nou nan nimewo telefòn Aksè nan Dosye ki endike anlè paj devan avi sa a, oswa ekri nou nan adrès ki enprime anlè paj devan avi sa a. Si ou vle jwenn kopi dokiman règleman espesifik oswa dokiman ki nan dosye ou gratis, ou ta dwe mande yo davans. N ap ba ou yo nan yon delè rezonab anvan dat odyans lan. N ap voye dokiman yo pou ou pa lapòs sèlman si ou fè yon demann espesyal pou sa.

**DWA POU ALE NAN YON ODYANS EKITAB:** Si ou panse desizyon pi wo a pa kòrèk, ou ka mande yon odyans san paspouki devan Eta a:

- 1) **Telefòn:** Ou ka rele nimewo telefòn gratis pou tout Eta a: 800-342-3334 (TANPRI METE AVI SA A TOUPRE OU NAN MOMAN W AP RELE A) **OSWA**
- 2) **Faks:** Voye yon kopi avi sa a nan nimewo faks(518) 473-6735; **OSWA**
- 3) **Sou Entènèt:** Ranpli fòm demann nan sou entènèt sa a epi voye l ale sou:  
<http://www.otda.ny.gov/oah/forms.asp>; **OSWA**
- 4) **Ekri:** Voye yon kopi avi sa a **ranpli**, bay Fair Hearing Section, New York State Office of Temporary and Disability Assistance, P.O. Box 1930, Albany, New York 12201. Tanpri kenbe yon kopi pou ou.

Mwen vle yon odyans ekitab. Desizyon Ajans lan pa kòrèk paske: \_\_\_\_\_

Ekri non an lèt detache: \_\_\_\_\_ Nimewo Dosye a \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ Telefòn: \_\_\_\_\_

Siyati Kliyan an: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

**OU GEN 60 JOU APRE DAT OU RESEVWA AVI SA A POU MANDE YON ODYANS SAN PASPOUKI.** Si ou mande yon odyans san paspouki, Eta a ap voye yon avi ba ou pou fè ou konnen kilè ak kikote odyans lan ap fèt. Ou gen dwa pou fè yon avoka, yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun reprezante ou. Ou ka reprezante tèt ou tou. Nan odyans lan, avoka ou a oswa lòt reprezantan ou a ap jwenn opòtinite pou prezante prèv alekri ak prèv aloral pou montre pou kisa nou pa ta dwe pran desizyon an. L ap jwenn opòtinite tou pou kesyone nenpòt moun ki prezante nan odyans lan. Epitou, ou gen dwa pou vini avèk temwen ki pou pale anfavè ou. Ou ta dwe pote nenpòt dokiman tankou avi sa a, souch chèk, resi, bòdwo medikal, bòdwo chofaj, verifikasyon medikal, korespondans, elatriye ki kapab itil nan prezantasyon dosye ou.

**ASISTANS JURIDIK:** Si ou bezwen asistans juridik gratis, ou ka jwenn asistans lan depi ou kontakte Sosyete Èd Jiridik zòn ou oswa lòt gwoup avoka. Ou ka ale nan Paj Jòn anba "Lawyers" (Avoka) pou w ka lokalize Sosyete Èd Jiridik oswa gwoup avoka ki pi pre w la oswa rele nimewo ki endike anwo premye paj avi sa a.

**ENFÒMASYON:** Si ou vle jwenn enfòmasyon sou dosye ou, enfòmasyon sou fason pou mande yon odyans san paspouki, oswa enfòmasyon sou fason pou resevwa lòt kopi dokiman yo, rele nou nan nimewo telefòn ki anlè paj 1 avi sa a, oswa ekri nou nan adrès ki enprime anlè paj 1 avi sa a.

**ATANSYON:** Timoun ki poko gen 19 lane ki pa elijib pou Medicaid oswa lòt asirans medikal ka elijib pou plan asirans Child Health Plus. Plan an bay asirans swen sante pou timoun. Rele 1-800-698-4543 pou enfòmasyon: